

**MATERI LOMBA GEGURITAN
KOMPETISI BAHASA DAN SASTRA TAHUN 2025**

Geguritan Wajib Kategori Anak

SINAU MARANG PARI
déning: Supriyadi

Simbok naté ngendika:
nggèr anakku...
lamun sira wus déwasa
aja lali dadi wong piguna, tumrap sanak, kadang lan kanca
tumrap kulawarga lan tangga
sukur bagé bisa piguna tumraping negara lan bangsa
sawangen pari ing sawah
bisa murakabi wong saomah
ditandur amung sawiji
nanging wènèh awoh matikel siji
banjur kepriyé sliramu?
apa ora péngin luwih aji?
nandura kabecikan muga tuwuuh undhuh-undhuhan
nandur becik bakal ketitik
nandur ala bakal ketara
nggèr lamun sliramu antuk mulya
aja banjur seneng daksiya
sawangen pari kang thukul
saya tuwa tansaya tumungkul
gelema ngaji supaya diajèni
gelema ngudi ngasi tumeka pati
muga bisa dadya tuladha
tumrap kang ngudi urip sampurna

Jambidan, 3 Novèmber 2024

*Kapethik saking
Geguritan Lulus Seleksi Geguritan Bocah Kundha Kabudayan DIY 2024*

Geguritan Pilihan 1 Kategori Anak

IBU
déning: Margareth Widhy Pratiwi

Ana telaga bening ing nétramu
ana samodra jembar ing dhadhamu
swaramu ruruh ora naté angluh
papan ngéyup atiku nalika worsuh
tanganmu prakosa ngekep sakèhing prakara
nadyan rasa perih ora katon sedhih
nadyan nlangsa ora naté nggresula
dina-dinamu tansah kebak kidung
supaya anakmu ora bingung

Ibu
donga mumbul saka lathi lan ati suci
dadi sangu laku anakmu
dadi srengéngé kang sumorot cahyané
nasak dalan sapecak ngranggèh kamulyan
ing tapak padamu, ibu
aku ngéyup nemu swarga

*Kapethik saking
Geguritan Lulus Selèksi Geguritan Bocah Kundha Kabudayan DIY 2024*

Geguritan Pilihan 2 Kategori Anak

LANGGAM MACAPAT

déning: Ririn Aprianita

Reroncèning tutur kang luhur
angemu weling supaya éling
paring piwulang awujud tembang
kanthi sinerat, ing langgam macapat

Maskumambang, mijil, lan sinom
pepéling tumraping para anom
kinanthi, asmarandana, lan gambuh
mudha mudhi kang padha jumbuh
dhandhanggula banjuré durma
anggambaraké manéka prastawa
pangkur, megatruh, lan pucung
pungkasan kang adiluhung

Langgam Macapat
warisan minangka amanat
para mudha aja lali
kudu njaga supaya lestari

*Kapethik saking Geguritan Lulus Selèksi
Geguritan Bocah Kundha Kabudayan DIY 2024*

Geguritan Wajib Kategori Remaja

SENAJAN NDADI

dénинг: Akhir Lusono

Pindha suket godhong dadi réwang
sembarang tinandur urip
sembarang kinocap nyata

yèn sinawang padha ilining bandhang
banter tan isa kauyak
mbradhat bablas
tan pinenggak

raja kaya emas picis raja brana ngampiri
kaya urip kinalungan beja
diuja déning sing Kawasa

nanging
paugeraning
tan kena kekancan umuk
apadéné daksiya mring sapadha

senajan ndadi
urip mampir ngombé
pijera njerit ora ana tuwasé
yèn amung ngumbar hawa nepsuné

senajan ndadi
tumungkul
eluh sing pating dlèwèr nelesi pipi-pipi krépo
amarga kahanan

ulapana
nganggo gombal putih
aja nggunakaké gombal guprat lendhut
mesakna wit-wit garing
sing tansah njempling-njempling

senajan ndadi
èlinga
mring titah nelangsa

*Kapethik saking
Arak-Arakan Geguritan: Sréngéngé Emas
Djanur Publishing, Yogyakarta, 2009.*

Geguritan Pilihan 1 Kategori Remaja

GURIT KANGGO IBU

dénings: Rohadi lénarta

Mbokmenawa
ngalah dhuwur wekasané
wus ora trep mungguh sliramu, Ibu
jantrané jaman iki wis adoh banget
lumaku, ninggalaké piwulang simbah-simbah

Mbokmenawa
saiki wis tekan jamané
ngalah yèn wus bisa menangaké
ngalah yèn wus bisa kewagang
ngendhilih jurit
ing madyaning pabaratan

Apa ya kita tetep puguh ngugemi
yèn ta Dèwi Kunthi kaé
téga karo patiné si Suryatmaja, putrané
ora Ibu

Kita kudu wani dadi Srikanthi
apadéné Kartini
wani menthang gendéwa
nglepasaké landhepé pucuk warastrā
nagih janjiné sang Maha Resi Bisma
mbedhah bëntènging taman pingitan

*Kapethik saking
Panjebar Semangat, 30 Maret 1996*

Geguritan Pilihan 2 Kategori Remaja

AREP DADI APA

dénинг: Suci Hadi Suwita

Jalma duwé pepènginan
kagantha, kagayuh
kanthi donga lan makarya

Yèn pepènginan iku padha
dirembug bareng
kawedharna kanthi terwaca
nganggo ucap lan tulis, apa liyané

Ana negara Pancasila iki
sok angèl ketemuné cipta
nyawijikaké pepènginan kang béda
nanging ya kudu bisa
ora usah nganti pancakara
apamanèh ngrusak, ngobong

Becik tepa salira
yèn duwèké dirusak mesthi ora lila
apamanèh duwèké negara
digawé kanthi dhuwité kawula
banjur arep dadi apa
yèn sithik-sithik ngrusak
ing dhuwur dikorupsi, ing ngisor dirusak
duuh, Gusti nyuwun ngapura

*Kapethik saking Antologi Geguritan: Penggurit Tuwa
Yogyakarta: Paguyuban Pametri Budaya Jawa “Tunggak Semi” 1998*

Geguritan Wajib Kategori Dewasa

Purwadmadi

AKSARA RASA

(minep menep cakrajawa)
opèn-opèn reripik darma sapelik
raga jiwa wadhaging rasa mobah mosik
mulur mungkret kendho kenceng rinakit
momong obahing kahanan wolak walik
sakèhing aksara angon angin sedya becik
rasa tuwuhan rerasan, resan kinarya ancik

aksara Jawa murba rasa
ginelar cetha petha mandhala cakrajaya
wanuh sangkan srawung plajaring paran
winengku jangkep wetahing makna
tansah minep menep rumeksa kala
meneng anteng winengku téja
guwayaning ratu satriya pinandhita
pandhita sinatriya

aksara agem Sang Aji lumaksita
gegiring rasa adeging trapsila suba sita
ngudi jejeging adil kang hapira marta
ngebak jangkebing lampah tepe slira
ngugung myang lampah gesang utama

rasa aksara cetha budaya cecala
ngasih ngasah lantiping panggraita
methik sagunging pralampita
titis tetes ing pangrasa
nemu brana telenging aksara

Yk.06.21

*Kapethik saking : 'Manggurit Aksara' Antologi Geguritan,
Dinas Kebudayaan (Kundha Kabudayan) DIY taun 2021*

Geguritan Pilihan 1 Kategori Dewasa

Krishna Miharja

NGAYOGYAKARTA
marang: kang prawira

kekarepanmu bakal dakpradhahi
latar wis daksaponi, gilar-gilar
lawang wis dakwengakaké amba
lungguha, klasané wis dakgelar jembar
miliha, arep dadi Gatotkaca sumanggem dhawuh sendika
apa dadi dursasana kakéhan omong ora tanja

panjalukmu bakal daksaguhi
daksugata jenang lot jadah mantèn
lempet gilig gumolong golong bunder seser
ingkung wutuh tumpeng robyong
miliha, arep dadi sengkuni abiyasa kresna apa durna
jalaran julig lan wicaksana iku gumantung marang sing kandha

pangimpènmu wis daksembadani
saiki nyatakna, yèn kandhamu mau ora mung ngayawara
aja mung rebut slinthut bandha béya
jogèda dedreg, imbal bonang kendhangé mbatang
nanging élinga, sampur dawa bisa anjiret janggi
énggala kebar mumpung lataré jembar gilar-gilar

rantamanmu bakal daklakoni
lungguha kursi, dakcepaki botol lan sloki
senajan mangsa rendheng talangé bakal teles
aja lali, aku patmasari dwi amaratani
marga arak ciu pancèn bisa gawé wuru
lan dongané wong akèh kuwi bakal numusi

énggala ngadeg jejeg manjing yuda
merem dhipet nggegem nala rasa
jalaran bener luput iku gumantung ing budaya

Ngayogyka, 2022

*Kapethik saking: Majalah Sempulur,
Dinas Kebudayaan (Kundha Kabudayan) DIY
Nomer 43/I-2022.*

Geguritan Pilihan 2 Kategori Dewasa

Rita Nuryanti
SATEMENÉ AKU ISIN

Satemené aku isin
ngaku Jawa mung samudana
jiwa Jawa cuwil pating crumpil
nyongkèl jati dhiri
kabur kumléyang
kasendhal mayang ing awang-awang

Satemené aku isin
ngaku Jawa nanging ninggal subasita
nyikut kanca nyundhul mandhuwur ngidak ngisor
Jawa mung srana pancadan
nggayuh pangalembananing liyan
sinamar alusing budi
linebon crangaping eri

Satemené aku isin
isin généya aku ora isin
jiwa Jawa kang adiluhung
mung srana anggung kumalungkung
bédané apa karo Bilung kang punggung

Satemené aku isin
ndhadha tumanduk kang kurang trapsila
nanging hyang bagaskara tetep setya
madhangi laku sadawané rina
aku kudu dadi wong Jawa
kang éling purwa duksina

Puri Handayani 140220

*Kapethik saking: 'Kidung Karangkitri' Antologi Geguritan,
Dinas Kebudayaan (Kundha Kabudayan) DIY taun 2020.*